




## “Grip Avyè” H5N1 Konsèy pou Travayè Agrikòl yo

Grip avyè A(H5N1) a se yon virus li ye. Li lakoz sa nou rele grip avyè oswa “bird flu” lakay zwazo ansanm ak lòt zannimo. W ap jwenn virus grip avyè a nan lèt, matyè fekal (poupou), ansanm ak lòt likid ki soti nan kò zwazo ansanm ak lòt zannimo ki enfekte. Moun kapab trape grip avyè a si yo gen kontak ak zwazo ansanm ak lòt zannimo ki enfekte, oswa materyèl ki kontamine.



**Sentòm grip avyè yo kapab gen sa yo ladann. Li posib pou prezante sèlman yon gress sentòm – oswa ou ka pa prezante sentòm ditou.**



### Men kòman travayè agrikòl yo kapab pwoteje tèt yo:

1. Lave men w byen lave pandan tout jounen an, apre w fin manyen zannimo ki malad, ak anvan w manje. Evite manyen figi w ak bouch ou.
2. Piga konsoye lèt kri oswa pwodwi ki gen lèt kri.

3. Mete ekipman pou pwoteksyon pèsonèl (personal protective equipment, PPE) yo lè w ap travay avèk zwazo ak betay ki malad oswa sa ki mouri, sitou vach yo. Mete yo lè w ap manye lèt, matyè fekal (poupou), oswa lòt materyèl ke viris la gendwa kontamine. Atik sa yo fè pati PPE yo:



### Men kisa pou fè si yon moun di w ou te ekspose ak grip avyè a:

- Swiv enstriksyon depatman sante lokal ou a.
- Siveye nenpòt sentòm ou ka petèt vin devlope pandan w ap travay avèk zannimo ki malad oswa ki enfekte. Kontinye siveye pandan 10 jou apre w sispann travay avèk zannimo sa yo.

### Si w kòmanse santi w malad epi w gen sentòm grip avyè a:

- Enfòme mèt fèm lan ansanm ak depatman sante lokal ou a touswit.
- Fè tout efò w kapab pou eseye rete lwen lòt moun.
- Mete yon mask.
- Rele davans anvan w resevwa swen medikal. Fè yo konnen ke w te petèt ekspose ak grip avyè a.

### Pou rete enfòme sou konsèy yo:

Paj entènèt Depatman Eta New York (New York State Department of Health)



[www.health.ny.gov/diseases/communicable/influenza/avian/](http://www.health.ny.gov/diseases/communicable/influenza/avian/)

### Si w gen kesyon konsènan grip avyè a oswa sou kòman pou fè tès, kontakte depatman sante lokal ou a:



[www.health.ny.gov/contact/contact\\_information/](http://www.health.ny.gov/contact/contact_information/)

### Swen sante disponib pou travayè agrikòl yo nan:



[www.health.ny.gov/environmental/workplace/clinic\\_network.htm](http://www.health.ny.gov/environmental/workplace/clinic_network.htm)



**Department  
of Health**

**Cornell Cooperative Extension**  
Central New York Dairy, Livestock and Field Crops